



PEMERINTAH KABUPATEN BLITAR
KELOMPOK KERJA GURU KELAS 5
ASESMEN AKHIR SEMESTER 2
TAHUN PELAJARAN 2024/2025



Mata Pelajaran : Bahasa Jawa	Nama :
Kelas : V (Lima)	Waktu :
Sekolah Dasar :	Nilai :
Hari/Tanggal :	

I. Wenehana tanda ping(x) ing aksara a, b, c utawa d kang ana wangsulan sing paling bener!

Teks kanggo nomer 1-9

Nalika semana, kasultanan Demak dipimpin pangeran Made Pandan, duwe putra arane Pangeran Pandan Arang. Sawijining dini pangeran, putra, lan abdine lelana tekan alas banjur bukak alas kanggo nandur lan pomahan. Durung ngrasakake hasile, Pangeran seda ninggal weling “Ngger anakku. Olahen papan iki kanthi temen. Aja pisan-pisan ditinggalake amarga mengkone dadi panggonan kangreja.”

Sawijining dina pangeran Pandan Arang ngendika “lemah subur nanging ana wit asem kang thukule arang-arang” banjur papan iki tak jenengi semarang, saka tembung asem kang arang-arang”

1. Irah-irahan kang trep yaiku

- a. kasultanan demak b. andan arang c. artine semarang d. asal usul semarang

2. Tembungreja ing cerita dhuwur tegese

- a. subur b. singlu c. tentrem d. ijo royo-royo

3. Paraga ana cerita ing dhuwur

- a. Pangeran Made Pandan c. Rakyat
b. Pangeran Pandan Arang d. Pangeran Made Pandan, Pangeran Pandan Arang, rakyat

4. Pangeran Made Pandan seda ana ing

- a. pomahan ing alas b. desa Pandanaran c. kasultanan Demak d. alas kang gedhe

5. Watake Pangeran Pandan Arang manut carita kuwi yaiku

- a. manut marang wong tuwa c. seneng nglawan bapake
b. welas asih marang abdine d. sakti mandraguna

6. Pesene Pangeran Made Pandan kanggo putrane ana carita ing dhuwur yaiku

- a. rajin sinau lan nabung c. ora ninggalake papan kuwi
b. bekti marang wong tuwa d. njenengi papan kuwi dadi Semarang

7. Sing njenengi Semarang yaiku

- a. Pangeran Made Pandan c. Baru klinthing
b. Pangeran Pandan Arang d. Pandanaran


8. Tembung Semarang asale saka

- a. asem larang c. wit asem garing
b. asem kang arang-arang d. meseme arang-arang

9. Panggonan iku dijenengi Semarang amarga ing panggonan kuwi

- a. subur lan aneh anget c. thukul wit asem sing arang-arang
b. akeh tethukulan ijo royo-royo d. tandhuran asem thukul ana karang
10. Reni lan Ratih kembar pada rupane kaya . . .
a. Dewi Ratih b. jambe sinigar c. kembang sepasang d. temanten anyar
11. Untune Doni cilik-cilik racak, kang kaya amengekene panyandrane untune. . . .
a. Miji timun b. miji semangka c. ngombak banyu d. nggandewa pinentang
12. Punakawan cacahe ana . . .
a. lima b. papat c. telu d. loro
13. Dhik Tuti ayu banget kulite kuning langsep, drijie
a. Lincing b. cilik-cilik c. mucuk eri d. cilik apik
14. Kancaku saka Papua kulite ireng, rambute. . .
a. arang-arang b. brintik c. gondong d. gimbal
- | | |
|---|--|
|  | <p>15. Jenenge wayang ing sebelah iki diarani. . .
a. Werkudara
b. Janaka
c. Anoman
d. Gatutkaca</p> |
|---|--|
16. Paseduluran sukri lan sukra ora bisa rukun kaya . . .
a. Kucing karo asu b. banyu karo lenga c. kucing karo bedhes d. banyu karo geni
17. Wayang purwa iku ing jaman erlangga ratu ing . . .
a. Kahuripan b. Kediri c. Singosari d. majapahit
18. Wayang kulit kuwi sakotak paling sethitik isine ...iji
a. 100 b. 110 c. 120 d. 140
19. Papan kanggo nacepake wayang arane . . .
a. Pucang b. debog c. tebon d. glugu
20. Piranti kanggo menehi ada-ada loro, siji kepyak sijine . . .
a. cempuna b. cempaka c. cempala d. cempaku
21. Pandhawa cacahe ana . . .
a. Lima b. papat c. telu d. loro
22. Putra pandhawa sing pambarep asmane . . .
a. Werkudara b. Yudhistira c. Janaka d. Sadewa
23. Punakawan iku 4 cacahe sing paling tuwa . . .
a. Semar b. gareng c. petruk d. Bagong
24.  di woco
a. iwak kali b. iwak urang c. iwak lele d. iwak sepat

25.



yen di woco . . .

- a. mangan wedus b. makani tikus c. pakan wedus d. pakan sapi

II. Isenana titik-titik ing ngisor iki nganggo wangsulan sing bener!

1. Raden Gathutkaca satriya ing
2. Gamane R. Werkudara arupa kuku aran
3. Karangan deskripsi yaiku karangan kang njlentrehake samubarang kanthi
4. Becik ketitik ala
5. Prabu Kresna ratu ing
6. Tawon madu ngisep sekar. Golek ilmu kudu
7. Lumbung panggonan kanggo nyimpen
8. Anak cecak jenenge.
9. Timun, waluh, semangka, melon diarani pala
10. Mangsa panas ora ono udan diarani

III. Wangsulono pitakon-pitakon ing ngisor iki !

R.A. Kartini

R. A. Kartini asale saka Jepara, lair 21 April 1879. Panjenengane putra bupati Jepara. Nalika ngancik dewasa, R. A. Kartini dipingit nganti oleh jodho. R. A. Kartini mbrontak, sajroning pingitan ora oleh metu saka pekarangan omah, ora entuk sekolah, apa maneh sesambungan karo kanca-kancane. Ironing ati, R. A. Kartini pingin kaum wanita bisa sekolah lan entuk pendhidhikan kang murwat.

Nalika ngancik dewasa, R. A. Kartini dipundhut garwa Bupati Rembang. Garwane R. A. Kartini menehi panyengkuyung marang cita-citane R. A. Kartini. Mula Kartini banjur ngedekake sekolah wanita. Ing kana, kaum putri diajari, maca, nulis, njahit, ngrenda, mbatik, masak, lan ketrampilan liyane.

Semangate R. A. Kartini kanggo majokake kaume tambah gedhe amarga uga oleh dukungan saka mitra kenthele, yaiku Abendanon. Liwat layang-layange Abendanon, Kartini bisa entuk wawasan anggone ngedekake sekolah putri. Sakbanjure layang-layang R. A. Kartini dikumpulake dadi buku kanthi judhul Habis Gelap Terbitlah Terang. Nanging eman, during bisa ngrasakake kasile, R. A. Kartini wis kapundhut dening Gusti, nalika nglairake putrane kapisan. Semana gedhene dharma bektine R. A. Kartini tumrap nusa bangsane.

1. Ana ngendi R.A Kartini lahir ?
2. Tanggal piro R. A Kartini lahir ?
3. Apa keinginan R. A. Kartini ?
4. Sebutna apa wae sing diwulangake dening R. A. Kartini ?
5. Apa judhul buku sing dianggit dening R. A. Kartini ?

